

Ti Rivye Atibonit

Transkripsyon Fokus Gwoup Petit Riviere

Patisipan

- 1 Dernier marc Kisnel ; Gason ; 25 ane ; Okenn ; Kiltivate ; 1 ane Selil; Segonde
2. Nicolas Wisnel; Gason; 22 ane; Okenn; Elev, kiltivate; Pa nan Selil; 9eme Ane
- 3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane
- 5 Jean Baptiste Frintz; Gason; 53 ane; 2 timoun ; Kiltivate ; 3 ane Selil ; Reto
- 6 Valcuis Gueirson ; Gason ; 23 ane ; Okenn ; Elev ; Pa nan Selil ; 9eme Anee
- 7 Elouisse Sonel; Gason; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde
- 9 Ilanne Florestal; Fi; 36 ane; Okenn; Kiltivate; 2 ane Selil; 6eme ane
- 10 Felisca Saurel; Fi; 52 ane; 7 timoun; 1 ane Selil; Kiltivate; 8eme ane
- 11 Destin Deriles; Gason; 53 ane; 5 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; 5eme ane
- 12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime
- 14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate;1 ane Selil; 8eme ane
- 15 Cieus Enold; Gason; 61 ane; 4 timoun; Agan agrikilti; 1 ane Selil; Mwayen 2
- 16 Lusien Nazer; Gason; 34 ane; 2 timoun; Pwofese lekol; 2 ane Selil; Reto
- 17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto

Bonswa tout moun. Nou kontan avek ou jodia pou nou fe yon prezantasyon sou etid nou te fe nan ane 2013 sou pwodiksyon mango. Pwogram mango a li gen plizye reprezantan ak pesonaj ladann. Nap prezante ladan yo de ke nou tout ka konnen se

BELRIVE ak CLINTON. Yo la pou fe pwogram nan avanse, se gras ak yo tou ki pemet pwogram sa ezekite sou teren an .Pwogram sa rive posib gras ak kelke organizasyon ak kelke konpayi ki deside mete kob yo ansanm pou avansman pwogram sa .Pami yo nou gen koka kola ,BID ,USAID, ak Teknosev ke nou konnen deja. An 2013 nou de fe yon etid sou pwogram mango a, jodia nou pote rapo sa .Nou te jwen bay yo paske se akos de patisipasyon kelke nan nou ak anpil lot pwodikte mango nan plizye lot zonn kite fe etid sa te yon sikse. Gen bagay nou pral prezante la nou ka we petet ke yo pa reflete reyalite ou menm bo isit la pa inkyete ou paske kom mwen di'w sa deja etid sa te fet nan plizye zonn diferan pa exanp Gwomon, Mayisab, Tomond, Mibalais ak Eneri. Ak sa nou pral prezante ak ou yo li ka posib ke nou rive yon kote ke nou bay yon enfomasyon epi ou te vle ajoute kek bagay oswa ou ta vle aksyente sou li. Selman leve chif ki nan men ou a epi nap bay lapawol.

Pwogram mango se yon bagay nou konnen deja.

Objektif pwogram se:

1. *Montre kijan nou ka fe pwodikte pwodwi plis mango.*
2. *Pwodwi de meye kalite de mango. Sa vle di nan fason nap pwodwi mango si yon pwodikte te gen 3 pye mango kite konn ba li 2 ou 3 douzen mango, pwogram sa la poul pemet li ak men 3 pye mango sa yo li rive pwodwi 4 ak 8 douzen mango.*
3. *Lot objectif se pemet pwodikte pwodwi meye kalite mango sou mache a. Pwodikte yo vin genyen pwop teknik kijan pou plante, trete, keyi, pou li ka fe plis kob.*
4. *Lot objectif program sa vise se montre kijan pwodikte kapab transpote mango yo de fason pli konfotab.*
5. *Lot aksyon pwogram sa fe pou pwodikte yo se pemet yo jwenn kredi. Sa vle di pemet ou jwenn yon ti lajan pou mennen lot aktive apa de mango. Ki donk, prodikte ki swiv pwogram sa li pemet yo retrase tout sa yo te fe pandan ane nan zafe mango a ki pemet ou fe fich epi note tout antre soti wou fe pandan ane a. Ki donk, pwogram sa fe pwodikte a konsidere zafe mango a tankou yon bisnis.*

Pwogram nan te organize pwodikte yo an Selil. Pwogram sa pemet moun ki nan Selil yo transpote mango yo a direkteman nan izin ki pral expote mango a.

Objectif etid sa nou te fe yo e sa nap fe yo se evalye sitiation prodikte mango yo tankou sa nou te fe an 2013. Gade si pwodikte yo ap fe plis kob tout bon ; epi cheche konnen si pwoje sa ta refet anko kisa ki ta dwe fet pou li ka mache pi byen ke jan li te ye a.

Kiyes nou ye ?

Nou se yon ekip ki fe rechech ki rele Socio Dig. Se nou menm Teknosev te chaje pou nou te fe etid sa. Nou te la en 2012 epi nou te la en 2013. Jodia nou ap travay pou Teknosev men nou travay avek tout moun. Si kom pwodikte nou ta gen yon sije nan pwodiksyon mango a nou pa konpran nou menm nou ka travay pou ou tou. Nan ekip la pou jodia nou gen avek nou Mr. Tim ki se chef ekip la, mwen se Pharel, Almathe, epi Egain. Nou gen avek nou Isaac ke nou tout la konnen deja.

Ki kote etid sa te fet ?

Etid sa te fet nan Plato central ak Atibonit nan plizye komin tankou : Gromon, Tomond, Veret, Maisade, Enri, Mibale, Tirivye. Nou te pale ak 691 moun. Nan moun sa 422 se mou ki nan Selil ak 269 moun ki pat nan Selil.

Kisa nou te jwen nan menm moun sa yo.

- *90% nan moun sa yo gen mango fransik.*
- *70% moun gen mango blan.*
- *52% moun gen mango fil.*
- *48% moun gen mango kon.*
- *26% moun gen mango kodok.*
- *4% moun gen mango karot.*
- *1% gen mango lot yo.*

Pou nou konprann metod pousantaj la, le wap pale de pousantaj wap pale de 100. Pa egzanp si nou gen yon popilasyon de 100 moun nou seleksyon 10 nan moun 10 la se 10% nan popilasyon 100 nan. Si nou pran 20 se 20% nan popilasyon 100 nan.

Nou te gen yon kategori de 3 kalite group moun.

1. Moun ki pa nan Selil ki pa vann mango nan Selil nan ane 2013 sou 100 gen 85% gen mango fransik.
2. Moun ki nan Selil ki pa vann mango nan Selil en 2013 sou 100 gen 93% ki gen mango fransik.
3. Moun ki nan Selil ki vann mango nan Selil en 2013 97% ladan yo ki gen mango fransik.

Chanjman kob pwodikte yo jwen nan zafe mango a akoz de pwogram nan.

1. Gen 8,000 moun ki se moun ki pa nan Selil, ki jwen yon ogmantatyon de 25% nan vann mango akos de pwogram nan en 2013.
2. Gen 6,000 moun ki nan Selil men ki pat vann ak Selil nan 2013 ki jwen yon ogmantayon de 50%.
3. Gen 2,000 moun ki se moun ki nan Selil epi te vann ak Selil nan 2013 ki jwen yon ogmantatyon ki depase 100%.

Nou konstate gen yon gwo avantaj pou moun ki nan Selil epi ki vann mango ak Selil. Paske malgre yo mwens men yo jwen plis avantaj epi yon gwo ogmantatyon pou yo.

Prezantasyon kountinye pale sou mwayen pye mango prodikte genyen nan ane 2013 la.

Pwodikte ki pa nan Selil gen an mwayen de 4 pye mango. Pwodikte ki nan Selil men ki pat vann ak selil gen an mwayen de 5 pye mango. Pwodikte ki nan Selil epi vann ak Selil gen an mwayen de 7 pye mango.

Koman nou fe jwen mwayen? Pou jwen mwayen, se pa egzanp nou pran 10 pwodikte mango epi nou mande chak nan yo konbyen pye mango yo chak genyen. Nou pran kantite pye mango chak genyen epi nou adisyonel epi nou divize l pa 10. Chif nou jwen nan ap ban nou an mwayen konbyen pye mango chak pwodikte genyen.

Prezantasyon kontinye pale sou kantite ti pye mango, chak kategori pwodikte plante nan ane 2013 la.

Pwodikte ki pa nan selil gen 85% nan yo ki plante ti pye mango fransik. Pwodikte ki nan Selil men ki pa vann ak selil 79% plante ti pye mango. Pwodikte ki nan Selil epi vann ak Selil 84% plante ti pye mango fransik.

Kisa nou remake?

(SILANS)

Yon vwa nan foul la : *Pi bel avantaj la se pou moun ki vann nan Selil la.*

Wi, mwen dako ak tout sa ou di la menm nan ka sa li diferan paske sin gade la nou we moun ki pa nan Selil....

(Tout moun tonbe pale ansanm)

6 Valcuis Gueirson ;Gason ; 23 ane ; Okenn; Elev ; Pa nan Selil ; 9eme Anee: *M'* remake ke moun ki pa nan Selil plante plis pye mango ke moun ki nan Selil.

Wi, nou men tou se nou remake. Sa yon tijan choke nou tou. Nou pa koprann sak pase. Kijan fe moun ki pa nan Selil ki pa fe gwo lajan nan Selil epi nou we se yo ki plante plis ti pye mango. Kijan nou ka eden konprann sa ? Yon moun ki gen yon limye ou enfomasyon jis leve nimoero a epi lap ede nou ka konprann sa.

7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn ti moun; Kiltivate; 5 ane selil, Segonde: *Ki vle di moun ki pa nan Selil menm li gen plis pye mango li plante li pa pwote mango l. Moun ki nan Selil gen mwens pye mango dapre fomasyon yo fe pou li, li fe twalet mangol li pran swenn mangol, epi sa fe'l fe jwenn plis mango.*

Men ou kwe ou di li fe plis kob. Ou t'ap panse li tap pi cho pou plante plis ti pye bwa, non ? Se sa ki frape nou kom yon bagay dwol. Nou gentan we ke sa ki cho nan aktivite Selil ki fe anpil aktivite avek Selil li fe plis 200% lajan. Mwen t'ap kouri plante pye mango fransik si m' te moun sa yo. Men se moun ki pa nan Selil ki plante plis.

(Tout moun ap pale ansanm)

3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: Yo ka gen plis pepinye ke moun kap vann mango yo.

5 Jean Baptiste Frintz; Gason; 53 ane; 2 timoun ; Kiltivate ; 3 ane Selil ; Reto: *Sa'm ta vle di, mwen ta di moun ki pa nan Selil yo ki plante plis mango, men yo ka gen plis te pou yo plante plis mango.*

Ok, n'ap tounen sou sa tale.

Prezantasyon kounye a sou chajman ki genyen nan douzen mango .

Avan pwogram, nan ane 2010 yon douzen mango se 20 gress mango. Nan ane 2013 douzen vinn 16 gress kounyea nan 2015 yon douzen mango se 14 gress mango li ye.

- *Pou moun ki pa nan Selil nan 2010 yo te konn vann douzen mango 14 goud ; an 2013 douzen nan vinn 16 goud ; epi kounyea an 2015 douzen monte a 20 goud. Gen yon pousentaj de 43% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*
- *Pou moun ki nan Selil men ki pa vann direkteman ak Selil soti nan 14 goud nan 2010 ; 20 goud an 2013 ; epi rive a 28 goud kouyea nan 2015 pou yonn douzen. Gen yon pousantaj de 100% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*
- *Pou moun ki nan Selil epi ki vann avek Selil an 2010 douzen se te 14 goud ; an 2013 douzen nan te 28 goud ; kouyea an 2015 douzen nan vann 42% goud. Gen yon pousentaj de 200% ogmantasyon nan kob yo te konn fe a.*

Eske yon moun ka esplike sak fe moun ki pa nan Selil jwen yon ogmantasyon de 43% kob yo te konn fe ? Moun sa yo pa pran fomasyon men jan ak moun ki nan Selil men kamenm yo jwen yon ogmantasyon de kob yo te konn fe.

3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: Petet yo ka vann mango a ak Voltije obyen se nan mache yo vann li ki ka koz yo vann li konsa. Obyen, pase si yo vann ak Voltije tou menm Voltije yo kounyeya soti nan 14 pou rive nan 20 an. Li ka nan 43% jiska 45 %.

Ok nimewo 3, men sa vle di yap peye pi plis nan mache a pou mango yo ?

Piblik : Non, non.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : Non, nan mache a pa plis. Moun ki nan Selil yo vann mango pi byen e se li ki vann mango pi che. Paske l'al vann mango yo yon kote mango l yo seleksyon e mangol gen plis pwoteksyon. Li ka rivel nenpot 3 4 jou men yo menm si se nan mache yo vann li se sou bet yo potel. Depi mango a tanmen mi tanmen pouri se sou bet ya pral vann li. Yo pa gen garanti moun nan Selil yo genyen.

Nou dako. Nou gentan we moun ki nan Selil ap fe plis kob ke moun ki pa nan Selil. Men, sa montre'w menm moun ki pa nan Selil yo fe plis kob tou ke anvan. Nimwo 7.

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : Men koman li ye. Donk moun nan te konn achte pandan setan, men map achte ak 10 goud .Men misye li men li vin ap achete avek 15 goud. Kounya mwen men ki we misye apral kitem net sim rete nan eta kotem ye a. Sanble mwen pa jwenn machandiz anko. M'oblige mete sou kob mwen. Alo, mwen pa ka rive nan tarif ke li ye. Men mwen oblige ogmante pa'm nan. Sa ka pemet moun nan fe yon garanti anplis ke sal te konn fe a. Paske'l jwenn moun kap fe'l mache. Men li pa ka pase sou mwen paske mwen gen anfas.

Yap fe kous?

(riiiii,riiiii)

Gen konpetisyon?

Piblik : Yap fe konpetisyon.

Gen yon lot moun ki vle ajoute yon bagay sou sa? Nimewo 14.

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: Le map swiv, prodikte mango ki pa nan Selil la, yo pa janm fe anyen menm nan mango a .Paske mwen menm se youn nan keye mango. Le wap keyi mango a Voltije a siw pran 14 pou douzen nan Voltije a ka pran nenpot 21 mango pou douzen nan. Le sa

pwopriyete mango a pa janm fe anyen menm. Li rete la. Se pou keyi mango a li te pwodwi.

Yon patisipan fi : *W tande!*

Eske yo te kon achte pa douzen anvan ?

Piblik : *Pa kes.*

Sa se mango ki ale nan izin ?

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Non, pandan se tan wap keyi pa kes lew rive tou ou jwenn douzen mango a. Le sa propriyete mango a, an palan gen moun ki konnen kes la se 150 mango. Ou konn keyi 160 pou kes la 170 ,180 pou la kes. Paske le w'ap kontwole kes la ou konn fe moun nan pran 50 gress make. Si w'ap keyi 50 kes mango nan jaden moun nan, lew fin kontwole 50 kes la ou nek pran 50 gress magi yo voye youn sou chak kes. Ou di moun nan sa e kontwole nap kontwole (riiiiiiiii). Wa kontwole 50 gress pou we konbyen douzen li gentan fe. Se sak fem we yon moun ki pa nan Selil, ou pa nan pwogram nan, pat menm bezwen plante mango. Meye avantaj la se nan pwogram nan avantaj la ye.*

Mango moun nan Selil ak moun moun nan mache se pa men kalite. Mango Selil se yon mango ki bon ki pare.

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Wi, men le wap chache yon mango de kalite. Men nan 180 gress mango pou kes la ou met tap wete ladann ou pap janm pa jwenn kantitew bezwen an. Se pwodikte a ki toujou an defisi. Reje wap jwenn li pa sou dow se sou do pwopriyete li ye. (riiiiiiiiiii)*

Map ajoute yon bagay. Nimewo 14 m' tande ou di konsa ke li pa avantaj pou pwodikte men li avantaj pou moun kap keyi a. Mwen pa byen konpran sa.

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Tankou ou menm moun kap keyi a, moun ki ap achtel la avantaj se pou de moun sa yo li ye. Moun ki met mango a pa gen okenn avantaj. Sa vle di pou ou menm pwodikte se pranl pranl.*

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Poum ajoute nan sa misye vle di ya se moun ki pa nan Selil wi lap di'w. Moun ki pa nan Selil lot moun achtel nan men yo jan yo jwenn nan menl san redi. Le sa li an defisi. Men moun ki nan pwogram nan e ki kon sak rele pwogram nan li men li pa ka an defisi. Paske pwodikte sa, moun sa a poko pwodikte. Tou moun ki gen non pwodikte konn jan pouv vann mangol (riiiiiiiiiiii) Moun ki bay piyay la poko pwodikte.*

Yon patisipan gason: *Donk li gen pye mango.....*

Piblik : (Riiiiiiiiiiiiii)

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Donk li gen pye mango lap vann mango (riiiiiiiii). Men chak moun ki pwodikte yo paske pwodikte a nan 14 mango men si youn tonbe li di'w non. Li pran mangol li pwotel mangol . Paske sil gen 14 mango w pran youn ladann li di'w non remet li paske se 14 mangol li konnenn .Sa vle di moun ki deyo kap vann 50, 60 ,80 gress mango yo poko pwodikte. Sa se moun ki deyo. M 'gen moun ki nan pwogram nan ki swiv fomasyon gen animate ak animatris kap fe fomasyon pou yo. Epi konn sak rele pwogram .Pwodikte yo pa fe ere sa. Afe bay mango envalid konsa konsa sa pap fet. Yo pap fe'l. Paske depiu we se 14 mango li genyen depil fin pwopte mangol menm siw pran yon gress se 14 mangol li konnen. Sa vle di kote moun , sa vle di kote baz la fome, kote baz la konstwi al lave mangol pote baw nan baz la. Moun lave mangol li pote baw fe bon seleksyon pou li, sa yo se li ki pwodikte. Lot moun sa yo mwen pa konn ki non mwen ta bay yo.(Riiiii ahhhahhhhhh).*

Nimewo 17 ou tap di yon bagay?

17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Ouwiii, le moun ki pa nan Selil la lel achte yon kes mango. Kes mango a si li byen achte li pa pase landannl.Li ta dwe ba li 10 douzen mango. Memn nan jan li achtel la li jwenn 12,13,14 ,15 le sa se pou pwodikte, met pye man mango a, se pou li li pa bon. Li men li resevwa yon kob pandan li gentan fe 5 douzen nan. Soti la li gentan gen yon kob ki ret nan poch li. La men ou menm ki nan Selil la ou resevwa yon fomasyon. Men lew ta regle mango a ou ta pran yon gress gress sa ou pral avel li pap itil ou anyen. Paske tout bagay yo se sou fich, se sou not w pap ka pranl .Se se sak fe eeeeeeee gen moun menm le wap keyi mango pou se Selil .Depi moun nan te gentan abitwe keyi mango nan lib sa yo, ou*

met te karesel li pap vin keyi mango a pou ou. (riiiiii) Li pa gen avantaj. E l di'w li pa keyi mango poul pa gen kob nan poch li. Li pap vin keyi mango li pa gen avantaj. Yo plis an difikilte . Paske moun ki bay keyi mango a yo vini yo gaye kow yo epi moun nan pran kob sa. Li menm depi moun nan li yo ta bal fe 100 douzen mango depi l ta achte 7 kes 8 kes mango li gentan fe 100 douzen mango a lontan .Epi wou menm ki nan Selil la pou fe 100 douzen mango, fok se 10 kes mango a pou ou achte menm pou baw 100 douzen. Si moun nan achte 7 kes 7/2 kes lew fon kalkil res sak deye pou we ki fos kob ki ret nan poch li. Se difilkilte moun ki nan Selil la genyen. Le wap keyi mango w paka fe ni goch ni adwat. Ou gen yon lin dwat ou gen devanw. Men lot moun yo yo fe lin koub, lin brize, tout bon pou yo.

Merci. Nimewo 12.

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : Tout bagay sa nap di la eee pa tap janm genyen sa yo nan peyi vre. Tout moun tap ini dan se zev .Pwiske nan pwogram nan gen yon bagay kap rele reta, andedan pwogram nan ki koz anpil majorite moun, ou we nan 800 moun sa yo ki devan ki pa nan Selil la pa tap janm pa nan Selil. Ki koz sa yo se yon reta ki vinn genyen. Chak le nap keyi mango se le mango nou an fin mi se le sa nou komanse keyi mango. Tout moun ki organize yo nou gen pwoblem sa pou mango keyi. Konprann, se sa ki koz anpil we gen 85% moun se moun sa yo ki oblige ki keyi. Se pa moun sa yo ki gen anpil mango vreman. Le lap keyi ane sa nou menm se yon vwasin. Vreman li keyi 3fwa 6,18 li retire yon gress. Ok, konsa ki ka al keyi mango a li ka achte 15 kes mango konsa li kenbel nan menl. Li te dwe keyi yo ak 150 li keyi yo ak 180%. Konpran ? Ok, kounya men pwoblem ki gen nan mango a toujou. Nou we byen mango komanse mi nan men nou; anboutejaj la nan izin mango a paka ale mache yo femen. Se pwoblem sa nou genyen. Ane sa nou menm nou viktim. Le premye fwa nou eseye al nan izin nan, li pase 3 jou anba izin mango paka pase anba izin. Le yo eseye nou pase, mwen pa di nou pase li ak yon defisi wo men lel vini eseye rekomanse keyi mango anko mango rete laaaaa, nan pye a. Pa gen modod poun keyi mango. Men sin gen lod se Kay Perry selman pou pote mango, tout mango nan pwogram nan se kay Perry selman poun pote mango. Fok ta gen posibilite pou mango yo pase. Map di'w byen(pawol yo pa kle)ane sa men map di'w byen nan twazyem seksyon laa (Bri ap fet pa ka fin tande res pawol).

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: Men ou menm, ou antre nan komanse pwoblem ou rankontre menm.

(Tout moun ap pale ansanm)

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Wi se saaa. Se sa ki koz li wi se paske moun sa yo.....*

(Vwa tout moun ak soti ansanm)

Men eske ou pa cheche vann yo nan lot izin?

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Letil ?*

Eske ou pa chache yon lot izin pou achte mango?

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Bien sur [1], nou organize. Se nou men gen yon mo ki di ke 2016 Voltige pa ladann. Men si nou pa chache mwayen nou nan dezod.*

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Se pa konsa pou ta di. Pitooo mango nap vann nan gen yon izin ki pranl .Se yon mango ki seleksyone li ye. Nou gen kontra avek izin nan pito dil nou konsa. Men se pou lot kote ou ka al vann men ou pap gen garanti nan izin nan. Ou gen pwogram li wap mande kounya pou yo ta elaji kad la pou lot izin antre nan pwogram nan. Se sa pou ta di. Nan mango ou ka pwofite vann ak nenpot izin, yo ka achtel men li pap itil w anyen. Paske izin sa pa nan pwogram ou an. Li pa gen kontra avew.*

Men, eske yap achtel?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Hen? Wi, tout izin achte mango .Men yo pap achtel avek pri ki nan pwogram izin ou an.*

Ok, men ou di'w gen kontra avek izin sa, izin Perry. Eskew gen dwa ak lot izin?

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Izin Perry.*

(Tout moun ap pale ansanm)

Nou mande ou eske dwa pou vann ak lot izin? Kiyes kap pale? Nimewo 3 wap reponn tale.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Sa vle di se pa dwa mwen pa genyen poum vann ak lot izin non. Mwen pa gen kontra ak lot izin nan . Paske izin mwen gen kontra, se pa yon kob mwen prann nan menl non poum keyi mango. Ou paka jwe avek li. Sim gen mangom gate egzatemam map pran mango m met nan kamyon map pral vann mangom lot kote. Sa vle di benefis map jwenn nan izin mwen gen kontra mwen pap ka jwenn li. Men, izin mwen gen kontra paka enpozem vann li lot kote. Mwen ka al vann . M'ka vann mango ak lot izin pa foseman se avek yo pou vann mango. Men si map chache yonn garanti anplis se nomal pou pedi tannw pou vann mango a ak izin nan . Paske gen yon garantil baw.(Yon lot vwa dil: Ou siyen kontra). Ou siyen yon kontra avel.*

Men kisa kontra sa di ?

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Kontra sa vle di nou siyen kontra avek izin nan. Izin nan di'w malgre siyen kontra wap vann mango a kote sa bon pou ou. Kote sa bon pouw. Se konsa kontram te siyen an te ye (Patisipan pa pale kle). M' trouve kotem ap vann nan bon pou mwen. Kote sa bon pouw map vann li la dann. Se sa ki genyen nan vant la. Ou konpran ? Pliske se sel izin ki responsab pou achte mango nan menn. Tout flev Latibonit la, mango Latibonit selman nou pa bezwen di Plato Santral.(Pawol yo pa soti kle)mango gen la selman sim ta gwoupe tout moun sa yo, yo gen kote ki prepare pou resevwa mango ? Ki kantite izin sa ki pral resevwa tout mango sa yo ? Chak jou 4 ,5 kamyon mango ap soti nan izin (patisipan pale two vit m' pa ka tandé sa ki ap di).*

Poukisa? 17 ou tap di yon bagay?

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *E bon, mwen menm sam we.Sak fe se Kay Perry Selil yo plis akode pou yo vann mango. M' panse se paske se izin sa ki se yon mache setifye Oganik. Se si wap fe yon komes se nan chenn ki piro a pou ta taa pase. M pa ta panse siw ap fe yon komes si kote yon bagay ap koutew, 5,5,5,5 50 goud ,epi yon lot kote pral vann 60 goud 70 goud se nan mache kote m' ka jwenn 70 goud se la poum ale.*

Bon, nimwo 7

#7 Elouisse Sonel; Gason; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde :Wi, pwiske nou te siyen kontra avek izin Perry poun al vann mango.Pwiske se yon sel izin nou genyen. Sa pemet keeeee Perry monte bote sou nou. Paskel gentan konnen se Ii ki achtel pi che .Eeee sel izin sa ki genyen. Se yon kad pwoblem sa yo ye. Kom mwen we nou nan kad pwoblem.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: Lem di nan kad pwoblem nan, se nan pwoblem nan nap trouve nou net . (vwa moun kap ri riiiiiiii) Se ak bout dann nou pral rankontre. Mwen pa konnen si nou ouvri kad pwoblem. Si non nap voyel pou yon lot le (li pa fin pale)

Plizye patisipan: Kad pwoblem nan se yon malin li ye (riiiiiiiii).Se andan pwoblem nan nou ye,fok nou fouye pwoblem yo.

N'ap fin prezante sa epwi nap antre nan detay, ok ?

Prezantasyon kontinye pale souk koman mache mango

MEN KOMAN MACHE MANGO A YE.

Mache a li komanse nan jadin pwodikte yo. Paske se lak gen pye mango. Komanse nan jaden pwodikte kote gen pye mango . Pwodikte yo ka vann direkteman sou mache lokal. Swa Tiriye, Veret ,a Lachapel kote yo vle. Men pwodikte yo tou ka vann mango yo ak Madan Sara. Madan Sara yo lage yo sou mache lokal. Lot posibilite ki genyen .Voltijje pran mango nan men pwodikte lel fin pran mango yo li gen opsyon: li kapab vann yo ak Madan Sara. Ou byen li kapab ale kay founise lokal. Founise lokal li anbake mango sa yo potel bay Gwo Tonton Founise nan Potoprens . E Gwo Founise sa li menm se li menm ki ale ak mago yo, potel nan izin bay Espote a .Ki metel sou bato ki ale aletranje avel.

Wout sa montre nou ki pakou ke mango pwodikte a fe ,te konn fe pou rive nan kay Espote.

Donk, pwogram nan vin kreye yon lot wout. Enben wout sa ki gen ladann Selil yo kote pwodikte yo regwoupe an Selil. Selill la kapab bay founise lokal la mango oswa li kapab bay mache lokal la mango. Men Selil la tou li kapab fe wout dwat la net. Sa vle di soti nan Selil la pou ale direkteman nan izin. A trave animate yo ki se de Nouvo Founise ke pwogram nan kreye. Donk lel rive nan izin se selmam mete yo nan bato ale. Sa vle di pwogram nan pemet pwodikte a li menm vin gen yon relasyon direk ak izin nan .

(Silans)

Se sa nou te jwenn. Mwen pa konn si gen yon katriyem wout nou pat rive jwenn .Se twa sa yo nou te rive idantifye.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Nan twa sa yo premye a te gentan la depi lontan.*

Wi, sa vle di wout sa pi ansyen....

Yon patispan gason: *Te gen lot wout wi. Lot wout ki genyen yo m' panse se lot wout kote Selil pa rive. Se lot wout kote menm li pa rive. Gen de kote nan peyi a pesonn pa rive mango mi se rete tonbe la...*

Anben sa pa yon wout. Ann pa relel wout men yon stasyon pito, sa son stasyon li pa mennen ankenn kote .

Piblik(riiiiiii, ahahahahah,eheheh)

Ebyen, se mache a sa. Se prezantasyon mache mango a. Se mache a an imaj, se tout sa nap fe lave mango la, prepare sesi sela, al nan baz epi mete nan kamyon. Eske nou pa gen pwoblem ak mache a?

Se konsa mache a ye menm?

Piblik : *Wi, wi, egzakteman.*

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Wi egzateman, se konsa yo toujou fet vann nan mache lokal. Voltije yo se vin pran mango lem pat gen Selil bwote ale. Malgre Voltije yo toujou la wi dapre difilkilte nou rankontre ki koz Voltije yo toujou la.*

Enben, remak nou fe yo nou ye kote pwodikte a vinn alez. Non selman li vin gen youn nouvel vwa ki kreye pou li. Men li menm kotel ye a tou li ka jwe tout kote. Li vle desann nan mache lokal li desann, li vle bay Founise Lokal li bay li. Sa vle di li ka ale direk.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Eben se sa m'ap di'w la wi.*

(Vwa plizye patisipan kap pale sou sije a)

Wi, pwodikte a kounya vin nan sant bagay la, li alez li lib.

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Pandan wap di saa m'sonjeeeeeeee len tap. Wii, mpanse nan kontra ou te di a nou ka vann kote ki fe nou plezi. Kote ki bon pou nou. Se paske yo gentan konnen chemen ke yo montre nou an, pap ka gen lot chemen pou dekoupen. Li oblige di nou nou ka vann kote nou vle .Men si gade pri yo ou we yo mete sou li pap gen peson kap ka pase devan pri a.*

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Le pwogram nan te fek komanse te gen anpil difilkite wi. Menm mwen te konn pat vle vann mango ladann.*

Poukisa?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Paskeeeee le moun yo eeee te kalkile. M' Voltije yo menm, yo te pran tout kalite mango. Le Voltije pran tout kalite mango, Selil la li menm eee lel vin kondi vre moun yo vin vreman santi yo anniye. Paske yo vin we gen mango ki rete Voltije yo pran tout ; moun ki nan Selil la pa pran yo. Men poutan le yo m' vin konprann li ,yo vin we reyalite se kalite se pa kantite yap chache. Se kalite sak bon. Kounya ou vin rete kwe se ale nan izin nan*

pran fomasyon an jan yo ba nou l lan. Se li ki avantaj pou nou. Kounya se sak fe nou men ki reta n' genyen ,se pwoblem aktivite nou poun komanse pran ak moun ki toujou ap vann ak Voltije yo. Nou pokon ka pran devan. Se yon anpe ladann se pwoblem eeee kom kwa ta di a pwoblem mwayen.

#7 Elouisso Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde :*Se yon pwoblem mwayen li ye .*

Ou pale nou pokon ka pran devan ? nou vle pou kle lew di pran devan. Nou pa menm konnen sak pran devan vle di. Di nou kel ki sal ye ?

Yon patisipan fi: *La'p ba'w esplikasyon.*

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Pwoblem mwayen sa vle di, le pou nou menm, le pou nou keyi mango se pwoblem kob.Voltije a lel paret ,li paret avek kach li paret nan menl .Se mango lap keyi.Men lew nan organizasyon an li menm pa montrew vre . Paske siw pa gen avans nan menuw , li pap baw avans. E ou pa gen yon kote ou pral prete yon avans pou keyi. E lew bloke yo di'w fo mango rete mi. Fok mango a rete rek , nan jan yo ta vlel la. E mango sa gen moun ki ka gentan fe 3 ak 4, 5 vwayaj .Ou menm ou pa ko fe youn . Toutan wap tann mango sa mi , mango a ap pran kou .Sa vle di nou,se vle fok mango a byen rek.Le mango a rive le life 2 jou, 3 jou li fin rive anba nan izin , men gade yo pa gadew avel. Sa vle di nou vin gen pwoblem mwayen ki koz gen mango nou paka keyi. Nou pokon ka pran devan Voltije yo jan pou nou ta pran avek eeee 100%.*

Ou di Voltije yo gen kob ,eske nou konnen ki kote yo jwenn kob sa yo?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Nou pa konnen.*

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Voltije yo keyi mango a vreman . Nou menm nou tap ka keyi mango a, le mango a pare a. Le nou pare pou na ta keyil, la nou paka keyil. Voltije li menm li toujou fe sakrifis poul fe efo poul rive pran mango a nan menuw.Kotel pran mango a (...) moun nan Selil yo le mango a komanse gen de grenn mi sou li , ou pase semen sa ,ou paka jwen. Lot semen, lot semen lew rive mango a pokon pare .Se reta saaaa, reta saaa nou ta jwenn yon solisyen nan reta sa. Men il fo ke se Teknosev ki komanse ankadre nou , ki pou fin*

ankadre nou.Fok li fin ba nou ankadreman pou nou ale ka rive kote nou prale ya. Ou konprann ?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane :*Se ssstrateji pou nou.*

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Malgre yo te sipoze fe strateji pou nou. Li pi bon pou nou, nap sevi avek macheee koman rele yo rele ya (Pawol la pa fin soti kle) wi men kounye ya si jodia nou ret konsa . Jan nou ye koun ya (vwa moun kap pale) ane pwochen rive anko...*

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *N'ap tounen deye net.*

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Bon ,on on nou pap avanse , paske menm pou fe pwodiksyon, pou pwodwi (Yon moun di : ak ki mwayen wap fe'l)saw genyen an fin gate deja, fin pouri net....vin gate tonbe ate.*

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Yon sel mache a pa sifi.*

OK

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Kounya fok ministe (pawol yo pa kle) ta mete a la dispozisyon eeee finansyeman epi mache (riiiiiiii)*

Nou paka cheche wout la ? Nou paka met tet nou ansanm? Nou paka cheche wout la, resoud sa nou men...? Kom Pharel tap di lel komanse pale ok nou vin isit poun cheche konnen . Se pa izit pou baw konsey , nou konn pawol ou, nou pral pote ba moun ki bay kob, ap fe pwoje pwogram tou sa.Se pa nou kap fe pwogram nan , nou jis vin cheche konnenn.

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Wi se sa nou kounen ,wiiiiii se sa nou di'w la tou wi..... se doleyans nou nap baw la tou wi.*

Menn nap pote pawol... (riiiiiii) kom Pharel di anvan , pwoje gen yon tan li komanse ,gen yon tan poul fini li pa etenel. Kounya eske nou pa gen yon plan nan tet nou ? Kom ke, yon gwoup moun, ki gen yon organizasyon nan Selil la pa gen pou al cheche lot chemen.

3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Lot chemen nou ka cheche konnen an, vi ke; se Teknosev kite tanmen ouvri kad la pou nou . Nou ta mande si gen 1 an pou kontra bout , pou mwen menm selon mwen m' ta mandel, se ta mandel elaji kad la plis. Poul ta fe 5 an oubyen 6an anko sil ta nouvle kontra. E poul te ka ede nou elaji kad la pi plis.Paske se li te tanmen elaji kad la pou nou .*

Plan paw se pou mande Teknosev poul fe'l plan...(riiiiiii) sa se plan Teknosev se pa plan tet ou se pa plan paw.

(TOUT MOUN AP RIIII)

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Wi lel fe plan, se li ki vin eklere nou plis. Sa vle di nou menm pat konn sak Selil. Se vike[2] yo vin nan Selil de fason nou ka gen plis mango bay nan izin.*

Eske gen diferans ant Selil epi asosiyasyon?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Bon gen diferans. Paske mwen menm mal nan izin ansanm avek mango, lem ale gen moun ki keyi mango , yo potel kom founise. Lem ale yo di bon! Jodia si se pou mango founise yo met bote yo al lot kote. Se mango Selil yo gen kontra se yo kap pase la. Tandiske te vin gen yon gwo anbriteyaj nan izin nan. Se la finalman ,se la ki te fem gen chans ,mangom nan te pase. Ak mangom nan paskem te ale sou non Selil. Sa vle di gen yon moun ki pa Oganik vre mango se 3 ,2 se twa kalite mango .Mwen menm se mango Oganik la m' te pote se li yo tap chache. Rapidman se mwen ki te gen chans pase devan lot founise ki te ale yo. Paske founise ki te ale yo menm yo pat aktive sou plan banik.*

Ok dakor[3] nimewo 14 apre sa nimewo 17 , nimewo14 ou te vle di yon bagay wi ?

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Mwen menm kom rapel ,Teknosev nan Selil poun ta fini ansanm avek afe Voltije nan pwogram mango a. Mwen menm mwen konn ap keyi mango a ,depi nan mwa avril . La mango ap fleri ,founise a li gentan dim : ah m' konnen se ou depi mango a bon, se ou kap premye ban'm kontwol koman mango a ye. Men kob sa , men kob 3000HT depi mango a komanse rek pou komanse relem poum vinn fe premye kout gol la pouw. Pwogram nan li menm poul ta kouri de Voltije yo fok li plis . Se koms, depi mango a li menm li komanse rek poun komanse keyil davans .Depin lage Voltije m'konn si se nan kes ou vant yale ak mango a. M' pa konn si se veye yap veye. Se veye yap veye ,depi nou fe yon ti negligians .Epi yo menm yo kouvri nou mwen ta swete nou pran sassss an chaj....*

Ou di le yo fe ti negligians ? Kom si Voltije yo rive anvan yo yo rive avan?

Piblik: Wi.

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Wi depi yo we gress mango, pou yo mango a rek. Epi saw tande a yo anvayiw. Epi saw tande ya yon gentan peyew avan. Premye gress mango a gentan vann. Menm lew tande Selil la ap keyi mango a , Voltije a gentan fe pran premye gress. Kob yo a disponib, (yon bri moto ap pase) ,fok ta nou jwenn kob ki pre depi mango a komanse rek ou komanse keyil mango a. Le sa nou tap jwenn avantaj. Le sa mango a pap gate .Gen kat kout gol ladann .Men Selil la fe yon kout gol ladann.*

M' pa konprann ,ou ka esplikem sak ak 4 kout gol la ?

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Wi, on premye keyi, yon dezyem keyi, on twazyem keyi ,on katriyem keyi a epi mango a fin fini .Se reje yo kap rete, sa kap rete a, la ret nan mache lokal.*

Eske 4 keyi sa ? –avan nou te konn fe 4 keyi anvan pwogram nan?

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate; 1 ane Selil; 8eme ane: *Wi*

Toujou gen 4 keyi...

#14 Theodile Wisly; Gason; 39 ane; 3 timoun; Elve, kiltivate;1 ane Selil; 8eme ane: – *Wi toujou konsa.....*

Toujou 4 keyi sou yon pye bwa.

**Nap pale avan ... bonm antijan eklesi kesyon an eske avan pwogram
Teknosev la te vini, eske le nou tap keyi mango le sa, nou te toujou gen 4
keyi a?**

(Piblik la ap pale ansanm).

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Men koman*

Kiyes kap pale a ? Ok, nimewo 7.

#7 Elouisse Sonel; Gason;32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Eeeee gen pafwa gen bagay ou fe ou pa konn nonl. (pawol la pa kle) kisa pou fe ou nan nwa(hum hum).Le nou menm nou te konn fe'l ,yo di 4 keyi .Yo menm yo vini menm yo keyi mango a plis .Yo jwenn li pou gran mesi . Petet si se 10 gress ki bon, yo pran nenpot 15 gress. 5 gress nan met tonbe sa pa fe yo anyen. Se jwenn paske se pou gran mesi yo jwenn li yo pa achtel. Men nou menm nan ankadreman nou jwenn, yo fe enfomasyon pou nou.Yo di nou mango a se pe ramezi li kapab keyi .Pou pase pran premye sak bon yo. La ou pase pran dezyem nan , ou pase pran twazyem nan. Jiskaske pye mango a vin fini . Pa gen yon lwa ki di poun keyi pye mango a yon sel jou. Jodia dapre fomasyon nou resevwa. Nou menm pwoblem nou plis genyen le premye ekip mango a bon kounya nou menm ... a prezant moun ki se vreman nan Selil la pwodikte a li kitel sa. Li di sa pou Selil men moun ki ... yo kite yo pap gen menm ekipman tout pa gen menm swenn. Moun nan menm li manke mwayen. Men li we gen ekip moun na lari a kap achte mango men mango lap fin gate.Kounye ale Selil vin kanpe sou pyel (Gen yon mo ki pa soti kle...) eeeee, Voltje a li menm li gen pouvwa poul keyi avan. Li te komanse avan Selil ,Selil ap keyi lap keyi pi red pase Selil toujou. Ki donk mezami si nap manje ansanm ,ou pap kanpe, mwen pap kanpe. Moun ki komanse anvanm lap manje plis pel konprann mwen enenhenn.*

Ok merci!

Isaac: Tale eske se pwodikte a ki di Voltije yo, kounya mango a dwe keyi 4 fwa ? Ou byen se Voltije a ki detemine ke mango a ka keyi 4 fwa?

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : Voltije, se Voltije a wi ki gen kob la wi ,... li fe afe'ljan'l vle .

Isaac: Kounya se nou ki detemine ke mango a dwe keyi 4 fwa.....

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : Depi nou fin resevwa enfomasyon. Depi nou fin resevwa enfomasyon , ak kite komanse pa fini. Kom kounya epi, e ofi a mezi, yap fe enfomasyon pou nou.Map konprann bagay yo pi byen.Nou vreman moun ki pa nan Selil li pap travay pou Selil. Poko rive nan kad pwoblem yo .Se nan denye ane sa bagay la dejenere nan men nou net. Men nan premye tan yo pat konn gen bagay konsa.Moun nan li menm li konnen ke mangol la met komanse mi, li gen moun kap vin deye mangol la. Nan 10 ,20 sal pral jwenn nan la va vann li ak lot pri ,la preparel nan pril pral vann nan .Men lane sa ki se denye ane a , lane saaa eeee vire tonbe moun yo. Se (patisipan pa pale kle) sin ta, ou mango sa yon fin gate menuw moun nou pral vann nan ki ap di'w men konbyen nou pral pran nan menuw..... Tandis ke nan izin nou pral vann nan ,se li ki di w men kantite ya pran nan men .Nou gen dwa paka sipote anko , tandis ke gen yon kantite yap pran nan men nou. Donk eeeee li (pawol la pa fi kle). Mwen pa konnen gen anpil pwoblem. Men mwen menm sim ta pale de Teknosev mwen pa jwenn yon vigil [4], kap bali ni repwoch ke sa nap di'w yo. Paske nou te gen mango a nou pat janm te kon vann. Se le nou swiv enfomasyon ,kijan poun vann li , se le nou mwen la (pawol la pa fin soti kle) enjenye lza sse yon bagay tet chaje.

Isaac : Sitwayen saw sot di la wap pale de mem pye mango. Kote ou sot di tale a gen yon obje kap komanse keyi avan. Li gen dwa 215 gress konsa epi Selil komanse keyi ,apre Voltije li menm kom se li ki komanse manje anvan li komanse manje . Apre sa Selil la tou, manje. Eske se sou menm defansif yo ?Ou byen men (mwen pa tande mo a byen) wap pale.... Menm mango fransik map palew ...

Piblik: Non, non.

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde :E non an eskew konnen mango a li menm gen pye ki bon avan, gen pye ki bon deye. Mezi pye ki bon

avan , sim te gentan prezan sin te gen kob nou, ebyen nou tap tou komanse ak pye anvan yo ,pou vi ke nou menm nou gen ti pwoblem ... sak komanse mi anvan yo komanse ladann. Pou vi ke nou menm, nap tann pandan ke pye yo komanse a, yo ka kanpe nan wout la toujou.....

Isaac: M'konprann sa ,m'te vle site eske se menm pye mango fransik , eske se men jaden an,menm met jaden an?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Li te gen dwa met jaden an, li gen plesye pye. Se pye bon avan ,li gen dwa met jaden an. Met jaden li te ka gen 4, 5, 6 pye mango ,petet se 2 pye ki bon avan. Voltije oblijje pase anvan,lot pye a. Ou menm o fil a mezi res pye ki ret deye moun ki ret konprann, 4 ,3 pye ki rete a Selil vann li.*

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Mwen menm sa map di eeeeeee ,Voltije a nou met te goumen nan jan nap fe. Nou pap ka janm kouri deye Voltije a. Sak fe sa nou men nap vann yon mango nan yon mache ki sesesetifye. Mango a fok li byen rek. Si ou pral keyi mango pouw al nan izin kotew prale a, toutan mango a ,bet pap manje mango, mango a pa mi ou paka keyil. Ou gen dwa fin keyi mango sa , wal nan izin nan ansanm avel ,lew rive, met izin nan lel we mango sa an ti jan ap fen fennen , li annik di'w mango sa pa rek ... Mango te met rive an reta la selektyone. Li few ramase mango ,ranbake a met nan machin nan anko. Men Voltije a li men kit mango a rek kit li pa rek li pranl. E m'konn fe konsta sa byen. Gen mango yo konn vin keyi nan men pwodikte a , reje mango yo kite pou pwo ,pwodikte a, li toufe'l ,men mi, li pa mi. Menm le sa m'konn poze tet mwen, m mande ki kote yo bay mango sa yo...*

Mwen ta di sa tou.

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Wi epi mwen menm, lem fin fe ansanm d ' analiz sa nou met goumen, jan nap goumen., Voltije nou pap janm ka mete yo deyo. Pase pou n' ta mete yo deyo, gen bon gen kek zon le Selil yayap pran mango , yo men met yon lot bagay avantajis. Pou pwodikte yo ka we se nan yo, yo, men menm ,ke aa avantaj la ye. Lot bagay pi bon anko gen moun ki kapab sisisi sipotem , gen moun ki kapab pa sipotem .Gen moun ki kapab pa se depi moun nan we yon gress mango ap mi, li pokon we prezans Selil ap vin keyi mango*

lontan. Li menm li gentan pase anba li fe Voltije keyi mango a . Lew pale sa avel li di'w,tan tol di'w li pat la, sesese yon ensidan kifet. Bon eske se pa yon Voltije .Nap pale de Voltije menm le nou ta gen mwayen nan men nou ,nou pap ka met Voltije deyo. Paske kote nap baw mango a ,nou paka bay mango a konsa. Fok mango a byen byen okipe poul ale. Mwen se yon ajan maketin mwen ye. M'konn , konn al pase mango. Se mwen ki ale .Se mwen ki we koman yo ap trete .Pase mwen we plisye ka mango ki vini , rive sou tab , se ramase mete nan machine. Kounya moun ki pot mango sa tonbe ap danse li riiiiiiiii...

Bon wi dim kiyes nan izin yo ramase mango yo mete machine yo pap esepte yo.

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Wiiiiiiii!*

Kounya nou tap pale lot moun. Yo di yo konn prann nan izin reje yo pap baw , yo jis baw yon ti kob pou yo ?

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Non depi mango a pa bon men . Sa se le yo fin fe seleksyon mango .Ou pote a kantite ki bon an yo pranl. Apre sa res sa ki reje ki pa bon an, yo tou baw ti kob , yo pranl*

Si'w vle pran'l...?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Se pa toutan... yo dako. Izin ou bay mango an sa se yon pi gwo pwoblem ki gen nan pwogram nan . Lye ak izin nan . Lew ale ak mango siw ka jwenn 100 ,50 douzen, reje depi direkte a di'w li pou 15 , 15 la l peyew. Ou te met gen 100 douzen mango li di'w se 40 lap peyew .Ou byen se lik di'w li pranl pou 30.Ou met dil non, ou pap kabaw li, li douw: enben sa wap fe avel ?(yon patisipan riiiiii) baw vi ke izin nan se li ki setifyab gen yon bann pwoblem ki poze. Pwoblem li poze lew ala mango ,ou gen dwa sot andeyo. Ou gen dwa gen fanmiw siw oubyen ki ret nan vil la lew alew ta baw de gress mango.Menm ak de gress mango ou paka, met de gress reje a nan valiz ou. Mango ou al vann nan wi ,li pap dako sa. Epi li menm, se sal vle li baw pou li.*

Li pap dako.... Si'w di non ban'm di ban'm mango pa'm.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Siw ta eseye ,bon mwen menm , sa te rive ane pase le map fe fos.Lem chwazi bay reje mangom ak fanmim. Kote li te gentan fe tout fich mangom wi . Siw eee direkte a wi ,li dim mwen siw pa vle vann reje a , ou met pran tout mango a ale avel. Mwen dil mwen mwen konsyan poum ale ak tout mangom. Paske ou pat peyem ,pou keyi mango pou ou.*

Ou te gen bagay w'ap di nimewo 7 ?

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Hum hum, sa map di ya se kote nimewo 3 tap pale a. Donk le yo di ,yo pran reje a, dapre mwen menm pito yo te desann pri a, le yo te pranl. Resanb ke depi kamyon mango a ap vini pa tikras, yo dako pou yo achte reje. Men depiw le yo te prann nan depi we anba izin nan komanse chaje mango. Misye di li pap pran reje. Paske lane pase gen yon bagay kite rivem bagay sa m' pap ka pa esplikel.*

M' tal vann mango deye aaa. Eeeeeee mwen tale ak yon kamyon mango. Men mwen te gen res mango rete ap gate deye. Kamyon pat ka fin pran mango yo. Le yo mennen res mango a ban mwen.Premye mango te genyen li komanse ap mi anba izin.Le dezyem nan vin jwen mwen, kounya misye dim bon an sove vivan yo. Kounya mango komanse ap gate. Li di bon an, an nou sove vivan yo . Sa yo ,sak mo yo se mi yo ,m' dako . Kounya seleksyon komanse fet. Komanse fe seleksyon mangom net. M' pran mezi vet yo m' pase yo ba li. M' kite mi yo li te trete yo kom mo .M' pa gen pwoblem ak sa. Men kounya, E kounya e le pou soti avel. M' di direk eskew ap achte rejet mango ? Li di non pap achte jodia. Se demen,se demen yon samedi , kou rive nan dimanch ,m te gentan machann, kap vin de mango a. M' gentan kanpel .Men dil se demen direk la di pou nou antre. Pandan demen vin rive kounye a depil avan jou machann yo komanse ap relem. Eske yo ka vini ? M'di pokon vini paske misye gen move jan. Fe yon ti kanpe tann lel ouvri barye.

Le misye arive vini m' dil eske kounya mwen te gen moun kap vin de mango a, ou te di wap achte jodia wap achte ? Misye di non ,mwen dil siw pap achetel li fow ta ban fave pouw ouvri barye a, pou machann yo vin pran mango.

Li di non li pap kite machann antre la. Eeeeeee mwen pat konnen kondisyon l. Sa ka rive li pa kite machann antre. Madann sara sim te we ni pal yo. Machann madan sara

pat ka antre. M' pa tap gen pwoblem ak sa. Malgre li tap krazem wi ,men tou o tan li pa dako machinn vin pran nou. Nou menm peyizan .Poutan pal yo, e poutan machine ap defil youn pa youn al pran pal yo. E tandiske mango nou an demi douzen mango. , Kom li gentan aksepte 860 douzen mango.Lel fin kontwole 460 pa detap le misye pa dako .Misye di :bon eeee Sa wap fe isit la toujou ?Mwen dil koman sa map fe isit la toujou ? Bon mangom anba izin ou ,ou pokon ban'm fave poum antre pran. Ni sa ki rejet a, ni saw kontwolea ou ban'm papye pou li a. Mango ou gen papye?M' di wi. Li di kot papye a ? M' konn son bagay serye . Lel di kot papye a. M' panse li pral voyem sou gran kontrol mwen...hum. Misye rale papye a, li rawp rawp rawp li chirel. Ah lem santi mare m 'we pa avek pep, mango ki gentan asekte, papye chire. Misye pap pranl anko. (Pawol la pa fin kle)la em 'santim bare ,dlo sot nan zyem sam pa konnen kilem tap kriye. Em pa konn sam pral fe lakay. Lem rele mande kisa poum fe. Tout kesyon poze, avek moun ki nan tet mwen yo. Rele animate...nap tyeke poun we... anyen pa mache.

Lem soti we bagay la vle soti mal ,m gen moun pa'm ki antre nan izin nan tou.Ki achte nan izi nan,le yo komanse ak pale ak misye byen red. Bal presyon misye pa dako. Lel arrive dako pou mango a sotia .Li di mwen menm fom kite izin nan. Li di se moun ki ta avem nan ki pou antre andedan.Ki pou vann mango a. Mwen menm m 'pa ka rete andedan nan izin. Lem soti ,mango komanse vann,m 'pa konnen ki koreksyon jwenn. Oubyen si kel ki touchel ak dannl. Li vi arrive pran 85 douzen nan mango a. Mezi mango a tout mango a gaspiye net. Anba izin nan.Sak te gen 460 lan ki gen papye nomal ,li chire paye a. M' sa menm ,pa gen yon tras menm, mangol ret nan menl . M' a no jou pa ,moun sa yo, m' pa konnen sak pase lakay moun sa yo. Ben[5] mwen menm siw wem mache lakay nou la jodia toujou. Etan ke nou se moun ka baw fomasyon .Yo pak detwim ni kouri deyem. Nou paka mande gran don yo ,avek janm te ka di'w . Kantite mango, kob ki deyo la, kob ki deyo ,ke peyizan yo gen pedi.

Konbyen kob ou panse, ou konnen, eske nou konnen konbyen kob li vann madansara douzen yo? Reje yo swadizan reje yo?

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : Nou menm,(vwa lot moun kap pale), m' pa konn konbyen vann madan sara yo. Men nou men chak gran krik yo ,yo achtel ak 50 goud.Pou nou ase kom kwa,nou menm nou pa gen le chwa.Machandiz nou, pa nou men ,se pa nou menm kap fe pri(pale antre yo).

Moun kap fe kap sa ,se sou plizye, w byen se met la men ...?

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Direkte a menm, e machin pa ka antre la, la li pap achtel, e machin pa ka antre.*

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Pa vle machin antre, bon! siw we yon machin antre, konnen se lik vle. Machin sa vin achte mango pal, nan menl .Ou menm, menm siw pran 10 grenn mango. Sil sispek ou level metel nan sak w , menm soufnankwou[6] kap travay avel yo, pret a tou fe'l konnen. Gen yon sak mango kap soti la .Ou met rive nan pot la, sekrete ya ose[7] ou la men.*

Kouman mango yo rive la ? ki kote ou potel ou men ki pote yo,nan machin paw,men li pap kite machin antre pou soti.

Piblik(Ri wiiii).

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Non... sa vle di, tout bagay sa son paket pwoblem. Nou rankontre nan izin. Se vi ke, se sel izin nan ki setifye poul achte mango a, nan men nou*

Gen yon moun deye net ki ta vle fe yon ti pale.

Ok nap kitel fe yon ti pale , sa se nimewo 3 ki tap pale, kiyes kap pale ok nimewo 10.

Te gen yon nimewo 10 , fon ti tann,,nimewo 16 Tale m'ap ba'w pale.

Hum.

#10 Felisca Saurel; Fi; 52 ane; 7 timoun; 1 ane Selil; Kiltivate; 8eme ane: *Bon m'felisite Teknosev pou travay, bon travay life avek ak peyiza.Fe Selil, li mete, montre yo koman yo kapab plante pye mango. Eepi koman lap fe animate ,ba nou enfomasyon pou nou te ka fe, nou gen plis mango. Nou di plis mango. E fe nou genyen plis lakou. M' felisite yo pou bel travay sa yo . Men ,kote pwogram nan fini an, ki se denye ane a. Nou santi gen yon pwoblem ki prezante .Le moun yo pran move echeck, ane saa batay nan izin, Nou ta swete si Teknosev ta kontinye, pou pwoje a, pwogram poul ta eseye*

ouvri lot izin pou moun yo, te kapab vann mango, pi byen. Pou pwodikte yo pa fe defisi, se sa nou ta swete.

Dako. Merci, nimewo 16.

#16 Lusien Nazer; Gason; 34 ane; 2 timoun; Pwofese lekol; 2 ane Selil; Reto : *Wii, mwen menm eeeee ,se pa rapo ak tout sak di. Tout pwoblem zanmi yo idantifye, donk mwen menm wete chapo byen ba devan Teknosev. Pwiske avan li menm pat gen yon lot enstans, ki teeeeeee we poul teee eklesi, pou peyizan , plante yo eeeee .Paske selman eee met mango yo, pou mwen menm se te yon gwoup moun, ki rete ak moun ,kap ee travay, epi gen yon gwoup moun ,kap rekolte pa rapo ak kout flach eeeee .Chemen Teknosev trase eeeee an, moun ou vin weeeeeeee mango fransik la , li vin gen yon kalite. Ou we li vinn gen yon siperyorite ee, ki depase lebonn. Paske avan eeeee mango a, li menm non selman li konn gaspiye, ti gwoup moun kite konn vinn achtea eee, pafwa li prann janl vle nan men'w.Eeee dotanplis, ou men tou ou preske pa gen anvi twop tou, pou plante lot pye mango. Donk Teknosev li men, non selman li bay fomasyon sou mango fransik la, dotanplis li baw fomasyon pou fe lot bisnis. Ke ou te kap gen ide fe. Paske se yon gwoup moun mwen te ka di, se yon an anvwaye Dye. Kanmenm bagay ou ta dwe al nan fakilte wal aprann. Donk la kanmem malgre pwoblem neg yo idantifye la yo, viktim de yo fok yo dil. Men kom se yon travay de gwoup li ye .Ki la li mande petet, kom nou di poun ta elaji kad la. Sa vle di pou gen plis kote ki achte mango a, petet sa li men Teknosev li men, non selman li bay fomasyon, li few we kote mango a vann pi che. Ou ka fe plis kob, laa ou vin gen volonte pou plante plis mango. Jis pou ka fe plis kob, donk kounya li rete avek gwoup yo ,kom se yon asosiyasyon li ye, kounya la ou vi we plizye men .Plisyen pou nou mete nan pat la, pou yo fe travay la pi vit. Menm donk, pa kite Voltije eee ankonbre nou twop. Paskee nou men ki la ,chak moun ki la nou se yon solda. Dyob nou se paleeee deeee bonte ki gen nan aktivite a. Se di moun yo, men men kantite kob nou fe ,pa rapo ak le nou vann ak Voltije ,epi la li menm moun nan lap we li gen enterel. Lap pran kouraj malgeree Voltije a vinn avan vreman .Men depi moun nan konnen pa rapo a+b men kantite kob ke la fe.M' panse kanmem, pa rapo ak nou menm ,ki organize, m' panse nou gen zam nou gen ase de pawolsis pou nou konvenk yo. Paske mwen menm se yon ajan de maketin ,donk eee mwen vann deja nan izin.Donk la eee tout moun ki nan Selil la yo konprann sa. Epi yo gen mango. Donk ,yo livrew mango a. Paske komes la ,se pa yon moun ki fe'l, se nou ki fe'l , li pa pou mwen , li pa pou ee animate a . Li pa pou konseye komesyal yo, men yo la pou yo ede'w, pou kanalizew, jis pou rive direkteman. E epi*

tou la non selman sa yo pa kite pou kow, yo kontinye fe kontak yo.Yo kontinye fe kontak yo, pou yo fe'w konnen mango a li menm men kile mango a ap rive nan izin. Lam we li rete avek Selil yo ki pou, ki pou, aji avek kouraj yo, pou yo konnen eee travay la. Li pa yon travay an ven donk, yap benefisy eeee kelkeswa ee difilkite yap rive kanmenm. Donk li rete kounya pou nou konvenk Voltije yo. Se travay moun ki nan Selil yo ki dwe kontinye , gaye nouvel la. Epi moun nan, li menl kotel we enterel plis la, se la lap rete. Mwen menm mwen pa we, sim te gen yon pi gwo mo pou Teknosev, keee ta dil paske kanmenm, ee li, li, li pemet nou we kote nou pa tap janm we . Li pemet nou we fay nou. Li pemet nou idantifye pwoblem nou. Donk annen mo Teknosev m' pa gen anyen m' te ka reprochel. Paske kamenm li fem konnen sam pa tap janm konnenn. Sa gran paranm pat jan konnenn.

Ok mesi # 12 .

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime : *Ok map fe swit ak misye. Men jan kamarad la sot di, lap feeee, lap felisite Teknosev pou ankadreman, fomasyon l bay . Men gen yon bagay ki pa fet tou wi . M'ta mande pou l ta fet, alo se ke, lew al nan yon boutik ,oubyen magazen. Men gen yon bagay li pa di , lew al nan yon maket, ou al achte yon bagay .Lew rive ou jwenn bagay yo pouri , yo takse sou li, men ou, men ou menm lew rive yo di'w kisa, se di yo di'w konbyen kob lap vann wi . Ou konprann se di yo di'w konbyen kob lap vann se pa ou ki fe pri. se moun nan kap achte a pri pou li(pawol la pa soti kle) men kijan ta dwe vann men ki mizem pase- 5 ak 6 ane a w pral vann ti gress mango ,(patisipan pale ba) se sou bet ou potel . Kounya ,lew rive yo di'w se pri sa tout moun ap vann ...li piti toujou, lew rive pi devan epi kounya a lew re komanse fe anbakeman sa... anojou se di se izin nan ki di'w men kob map achte konbyen lap achte. Siw konprann byen, se izin nan ki di'w men konbyen kob lap achtel. Paske mwen menm ou pa gen chans pou fe pri ..pou konnen siw fe defisi , siw fe benefis, siw genyen ak siw pa genyen. Se ou ! We sak pase de Voltije a kob la, defwa lel rive nan men Voltije a. Li sot nan izin nan li rive nan men gran founise a. Gran founise a li men lel prann nan men gran espotate a. Li ba li yon souf, founise a li prann li ba li yonn souf, le ou men isi a kounya...leee neg, moun kap keyi mango a menm li ba li yon souf, avanl li rive kay pwodikte kap achte li mango a.(Nou pa konprann sal dia) l'rive kay izin Perry, se Perry ,ki voyel al vann sou echel entenatyonal .Selil la li menm, pa gen anyen ki di'w li pa fe kob la. Si se ou menm ki plante a, Li pa di'w anyen. li di'w se pa pou gran mesi, li di'w konbyen kob ... ou pa reyisi anyen li pa di'w konbyen lal vann li...ap achtel nan menu. Ou pa konnen*

konbyen lal vann li.Laaa m' ta mande Teknosev poul ta ede nou ,nan sans sa. Poul mache, paske fok nou jwenn yon bagay ,fon toujou konprann ,fon jwenn ki bon pou nou... Poun jwenn yon bagay ki bon pou ou a ,sa se pri a sa ok.

Ok nou la wi.....ok!

Ok nou la wi M'tande.

Nou saw dia mwen tap poze yon ketyon tale a, ou di lew rive nan izin nan. Ou menm tankou avek Voltije yo ou byen moun ki pa nan Selil yo, se kom si w eseye fem konprann Voltije yo gen plis priyorite ke nou ?

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Ennn enn mwen, mwen menm, non se pa sam di non, se pou nan komansman keyi mango a , m' di moun yo ta pale kijan yo ta konbat Voltije yo. Mwen di yo pap janm ka konbat Voltije yo. Paske ou menm mango wap kee keyi a ,ou pral vann li nan yon mache setifye, fok mango a byen rek. Menm le li ta fe konbyen jou nan menuw ,fo li pa bay yon sin de fatig. Men tankou gen de jan Voltije li menm li pa bezwen konnen si mango a te byen rek ,li pa byen rek depi se nan (Li pa fin di mo a) depil pa rek li keyil. Gen de pafwa m' konn konstate gen de mango, yo konn keyi menm pwodikte ya yo bay reje mango a , men mi li pa janm mi .Mwen di nan sans sa, Voltije a nou pap janm ka menm le nou te goumen, menm le nou te gen kob, nan menm nou. Nou pap janm ka metel de ,deyo pase li menm se yon mango, mango li rek li prann, li pa rek Ii prannl . Mwen di nan san sa defwa mwen konn ap poze tet mwen kesyon ,nan ki izin yap bay mango sa yo wi.*

Ok e gen kek ti pawol nou ta vle pale anko. Nou we ke le ya ap kouri sou nou wi #11.

11 Destin Deriles; Gason; 53 ane; 5 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; 5eme ane: *Wi nou men nou pase plizye kote pou nou rive...de pou pale men sa map repete nan kek pawol kamarad ap di nou , pa telman we pi gwo konsekans se voye Voltije a jete . Janw konprann la an paske nap (pawol la pa soti kle)li menm selman sann pi bezwen an se ,se mo limite ke nou vin genyen an, avek reta nou vin genyen. Poun pran mango an. Sim pat limite yonn e avek kantite gaspiyay, mango nou vin genyen an. Si sa nou fin keyi a li tale, li te antre anbyen, li soti byen, li ta fe nou byen tou. Li tap fe nou byen. Men sepandan nou limite, en sin tap konte enben yon 1, 2 ,3, 4, douzenn mango men*

gade kounya ou ale ak 1000 mil . Mil la gen gwo pwoblem. Li ka antre, e men sa ou vin genyen, li ret nan menuw lan. Li vin yon pwoblem pou ou se sou sam peze paske si Voltije a te la, sam te genyen m' pote ale nou tap sevi yon garanti.

Ok nap pran nimewo #5.

#5 Jean Baptiste Frintz; Gason; 53 ane; 2 timoun ; Kiltivate ; 3 ane Selil ; Reto: Wee , mwen menm se (patisipan pale two ba nou pa tande sal di a) *Baptiste men sotiiiii eee ENRI ee sam tap ta di, mwen reprezante Selil 5 lan. Ee mwen menm sam tap di mwen remesye Teknosev eeeee pou tout bon jan eee fomasyon eee* (Pawol pa soti kle) sou jounen jodia mwen se youn ,yo ka paret nan yon chan**[8]** mango, ou byen paret eee nan yon beje swa yon mango fil , yon mango koye, ou byen mango blan kelkon. Epi mwen kapab fe'l li eeee tounen yon yon mango fransik. E eee si senpleman mango a se mango blan Selman jounen jodia mwen, kabab retire yon branch ladann li .Epi mwen men tou retire yon branch ladan ,poul donnен mango fransik .Nan... mwen fe yon gref ladann mwen kapab transfomel mango fransik sa vle di yon lot bagay mwen pat gen lakay mwen. Yon lot bagay pat konnen lot bagay anplis, sak vle di se yon, se gras ak Teknosev. Mwen kontan sa. Se sak fe mwen menm ta renmen pwogram nan pou li ta kontinye. Men lew yo pa gen pou yo kontinye pwogram nan ki tap antijan biza m' mande pou yo ta ogmante 10 ou 15 zan. Poul ta gen plis konezans. Men Lot bagay mwen ta mande Teknosev fok li ta cheche lot mache pou nou (yon vwa di : solisyon an sa) ou byen teknosev li men men pou nou(riiiiiiii)(yon lot vwa di: eeeeeeee)cheche izin ou byen li met izin pal menm nan depatman. Eeeee yo poukisa nou pran twop imilyasyon, ee twop desepsyon anba izin moun. Dapre temwayaj fre nou paske ane sa ,mwen te la m' te we , kijan sekirite ap frape men nan estoma nou. Etan ke pwopriyete, etan ke moun ki vin vann. Ak achete a, avan nou ale anba izin nan . Nou gentan nan, nou gentan rele izin nan avan, nou vann li avan asepte nou pou jounen jodia, pou nou pa ale ak machandiz nou, yo gaspiye tou machandiz nou kite ate. Male ak 320 douzen mango yo pran 144 mango ki bon, res m' rete a met izin nan refizem poum soti avel. Malgre nou menm ou konnen ayisyen(Patisipan pa pale kle) nou konsanti nou paka tolere, moun aka pale pou nou ap gadel nan je. Nou oblige mande kob, len rive ak mango nou yo. Mango nou se pou nou yo ye, nou peye kob pou nou rive avek yo. E kounyaa a nou pran yo nan men pwodikte. Men li konnen se vann nal vann li poun pot kob ba li. Paske li vann nou kredi len tounen poun pot kob li ba li. Eee kounya laaa nou pa retounen lakay avek sak pa bon yo. Nou al montrel men yo poun dil yo pa bon,. Ebyen, kounya a se nou we tou chef yon (gason di wi sekirite) antoure nou mete men

anba gagann nou (riiiii) menm nou menm sa fwase [9]nou(moun ri hi hi) em kwe tou Teknosev ane sa nou te klerone telefon, animate nou genyen, konseye nou genye,n pou yo konnen ki peripesi[10] nap pase eee kay Voltije yo . Nou pa di nou pap dako poun vann mesye Perry, men fok mesye Perry gen respe pou nou, antann ke pwodikte. Paske nou menm nou fome. E nou vann yo avann nal lakay li. Alo nap nap mande Teknosev nap mande Teknosve silvouple anrichi konesans nou plis, senplemam alaji kad la pi laj, pou nou. Paske nou renmen travay nap fe a, li pwogrese nou, travay nap fe a, li fe timoun nou ya al lekol byen, li fe nou menm kap travay kap fe jaden nou fe'l pi byen tou. Nou mandel poul elaji kad la pou nou.

Ok ou te di yon bagay la mwen ta vle poze nou kesyon sou li, ou di konsa ke ou fe gref pa vre ? Apa de gref kom pwodikte nan pwodiksyon mango a, koman nou fe menm pou nou ogmante pwodiksyon yo ?

#5 Jean Baptiste Frintz; Gason; 53 ane; 2 timoun ; Kiltivate ; 3 ane Selil ; Reto: *Bon nou plante lot, lot ti pye mango, paske nou gen eee lot moun ki fe mango beje[11] , nou gen moun nou ki fe beje ,non Selman kom si moun ki gen lot pye mango ,mango plan sa yo nou fe gref sou yo, nou fe lot pepinye tou, nou plante lot mango.....*

Ban'm poze yon lot kesyon tou, ou di tale keee lontan se mango blan nou te plis vann ? Eske se avek Teknosev nou komanse vann franzik w byen non?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Non aloo avek Teknoseve kad la vinn pi elajij, (gen yon moun ki pale)avek Teknosev vin montre nou fin rekonesan nou. Nou menm pwodikte se bay nou konn bay mango nou. Nou ak bay vil yo prann nan men nou, se paske nou menm, nou pat janm konnen jan douzenn nan te ye. Menm Sele moun ki gen zye[12] pase nan tet li depi (pawol la pa kle) a vini se vide ba li, nou vin we, gress mango nou an gen yon enpotans, total kapital[13], kel genyen nou pa ka pranl, ba moun yo konsa*

Ok ban'm poze nou yon kesyon sou sa tou se yo menm ki fe we a sa ye yon douzenn ? Avan Teknosev nou pat konnen sa sa ye yon douzen men?

#5 Jean Baptiste Frintz; Gason; 53 ane; 2 timoun ; Kiltivate ; 3 ane Selil ; Reto: *Non mmm' pat pase..,-anvan nou te konnen yon douzen te 12, men yo menm le yo pran yo 12, yo pran,25, yo pran 15 alo nou paka konnen,nou preske paka konnen.*

E 3 ou gen yon bagay.....

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Mwen sel kesyon eeeee, sel pwoblem ta rete poze anplis, pou nou ta fe kout je sou li. Si n' te ka rive fe yon lot gesyon ,ou byen yo te ka fe yon lot komisyon. M' pa konn ki non m' ta ba li. Pou le moun ki pran fomasyon yo ,pral a mango anba izin nan. Se kom kwa pou ta gen yon lot organizasyon ta la ta we kijan yap trete moun yo , pou nou anplis. (gen yon moun ki riii) sa si yo te ka fe yon lot komisyon, mwen pa konn ki non, n' ta ba li nan sans sa, paske nou pa gen priyorite pou pale avek mesyeee Perry, (yon lot moun di Perry li pap tandem), se sal vle fe , men nou paka pale ak li. Paske si mango a ap pase la li di'w deplase preske si se kou li ta voye sou ou.(Vwa moun kap riiiiii) sa vle di mwen menm m' santim neve tou gen de le paskem pa pran kob nan menl poum al keyi mango.*

Ou pa pran kob nan men li.

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane: *Non! Mwen pa pran kob, nan men blan poum al keyi mango. Mwen menm m' resevwa fomasyon, fomasyon m pran m'organizem m' ranmase mango nan men peyizan. M' transpotel ba li. Men lel ale fol tretem nan fason ke lap edem fe bisnis. Map edel fe bisnis la tou. Paske kelke swa sa wap fe, se bisnis wap fe mwen menm lew vann mwen ou achtel ak 50 goud mwen menm sim ap fe 5 goud mwen kontantenm de 5 goud la, mwen pa bezwen konnen siw 15 w ta pral fe 20. Selman fo gen respe pou mwenm, mwen menm kap pase mize a . Sa nou pa genyenl menm menm anba izin nan. Fok ta gen yon komite, osito [14] mango a komanse keyi kita pou ta ret stab, pou yo ta we kijan yap trete moun ki pran responsab. Yo pote mango a ale a, ajan maketin yo ki ka prale a mango a kijan yap tretew yo. Pase lew rive ak mango a neg la tretew tankou bet se kom si mango a li fe sal vle avel, oubyen mango a pedi, mango ki pedi se pa mangol a se pa mangow, sa yo ,mwen menm sa yo fem mal . Sa vle di tout le se yo lew rive anban izin nan sew kap fe tout strateji ou. Menm mize ou pase nan raje a,l ew rive nan izin nan se menm mize a w preske pase anko.....*

Ok nimewo 15 ou te vle di yon bagay.

#15 Cieus Enold; Gason; 61 ane; 4 timoun; Agan agrikilti; 1 ane Selil; Mwayen 2: *Wi.*

Ou met pale.

#15 Cieus Enold; Gason; 61 ane; 4 timoun; Agan agrikilti; 1 ane Selil; Mwayen 2: *Dapre mwen menm, Teknosev se yon limye ,ki vin klere nou. Paske nou te anba moun fou, anba yon pouvwa fe nwa, nou te plante . Epi nou te genyen rekolt nou ki tap gaspiye avek nou. Jodia teknosev vin paret sou nou, son delivrans li vin ye pou nou.Nou vin konn vale mango nou,li vin fe fomasyon pou nou. Li ouvri konesans sou sou plisye aspe. Ki pemet nou vin ak dekouvri tankou nou se se kounya nap vin konprann enpotans entere nou ki te ap gaspiye.Nou ta swete,nou swete chak jou pou nou di li yon mesi anplis, eeee an menm tan poul voye je gade nou. Pandan li komanse louvri chemen sa pou nou, poul ta kontinye avek nou.Men nou men tou ki organize nan system nan nou pa we ba li chay pote, tankou le nou pran kek soufrans, kek sabo, nan travay la. Nou pa konsidere ba li responsabilite saa, non plis non. Paske se pou nou cheche we kote pwoblem nan ye. Kijan nou ka fe rezoud pwoblem, ki antrave nou, pouke vwayaj la ka byen fet. Men nou ta swete ke teknosev kontinye ouvri , kontinye ak chemen an anbrase nou de plu[15], paske le nou soti isit nou ale nan rive potoprens ,nou dwe ak moun nou pral rankontre a, poul rekonet ke nou se frere, kap fe yon vwayaj ansanm . Poul li anbrase sa nou pote, poul pa maltrete nou ,nan nenpot move kondisyon, pou deranje nou, paske nou gen volonte pou nou kontinye. Poun fe kontinyite a, men nou vin dekouvri anpil rezon pou nou genyen plis mango. Se sak fe kounya gen anpil viyaje[16] kap pran nesans nan raje a .Nou menm ki se plant ,nou kontinye ap plante, e menm nou pa menm rete sou kont ti pye kap fet yo, nou a seleksyone gwo pye, poun fe'l donnen pi vit. Sa se yon reyalite, yon bel plezi pou nou. Men tou ta renmen pa kanpe nan wout anko se pou kontinyite a fet long pley[17].*

Dako.

Nou bezwen fini.

Wi nou bezwen fini. Men m' panse nap bezwen 3 moun pou ba nou 3 entevansyon sou yon kesyon nou pral poze... nou pale de program le nou tap komanse, nou di yon program gen yon le li komanse ,gen yon le poul fini. Nan pifo entevansyon ke nou we la ,nou fe la nou pale de teknosev kenbe pa, lage kenbe (yon moun ri byen fo) ok men sa map mande nou, ann konsidere ke teknosev pa ka kenbe anko ,program fini li kanpe . Men tou prodikte la , mango la ,tout moun ki te pran fomasyon la nou bezwen 3 moun entevni kle pou di nou kle 1,2,3,4 kisa nap fe(Yon silans fet...) Nou la ?

3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane

Nap tande.

kisa nap fe.... an konside teknosev femen. Yo ale yon moun di li ale pa gen konsiderasyon ki kap fet anko men nou la, ak tout, tout fomasyon nou gen genyen tout kontak nou te gentan genyen, tout kapasite de pwodiksyon nou te gentan genyen kisa nap fe an ale?

(Vwa lot moun kap pale)

#15 Cieus Enold; Gason; 61 ane; 4 timoun; Agan agrikilti; 1ane Selil; Mwayen
2: *Pandan nap ra kouri a sou ki sa nap apiye?*

Non nou pa nan Teknosev anko.

(Tout moun ap pale ansanm).

Nou konsidere li pa la menm, kounya se nou kap naje, koman nap naje , pou nou kontinye, pou kontinye pou nou fe kob?

(Tou moun pale, nimewo 3....)

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane:

Sel sam konnen eeee, si Teknosev rekile selman lap kite nou ak yon konesan. E kom kwa nou poko ka fin di nou granmoun tet nou net. Li men konesans li kite pou nou an, nou ka prepare mango nou an, lap vann li ak nenpot izin. E si izin soti li pote bon tretman pou nou menm. Si Teknosev te rebab depil konsidere nan menm kondisyon izin nan, nou ka toujou bal mangol, paske nou prepare.

(Silan).

Nou la ?

Ok.17.

#17 Jn. Baptiste Ronal; Gason; 40 ane; 1 timoun; Kiltivate; 3 ane Selil; Reto: *Donk mwen menm sam we, wi ok vreman Teknosev ale m' m'panse si, si yon papa te gen yon timoun, li tap bay yon enfomasyon ,menm le li rive le swa . Li ta rive nan le li aje li pral mouri avan li, lil souf la fin koupe m' kwe la bal yon kondisyon. Ptit mwen men tel chemen m ' m'te konn pase ,alo m' pap la avek w anko, men wap toujou fe menm kontinyte wout sa.....*

Ann konsidere li mouri, li ped pawol anvan mouri. Li pa gentan baw kondisyon sa ?

(tout moun tonbe riiiii kra kra iiiii)

,kounya menm ou gen fomasyon, ou gen mango, ou gen te, nou gen tout bagay

(tout moun riiiiiiiiii e yo pale...)

kisa ou ap fe ,se sa nou bezwen.....men sa bezwen.....

Piblik : Nap kontinye, nap travay la

Men sa nou bezwen. Nou bezwenn di nou 1,2,3,4, men koman nap fe'l . Pa epzanp nou te we,ye nou te gen yon chenn mache la. Avek pil demach sa yo ban'm yon demonstrasyon ,men koman nap fe pou kontinye fe kob ak mango a .

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime :*Ok e bon men sa nap fe , pou mwen menm, men sa nou tap kontinye . Men sa nou ta kontinye poun pa kite pwogram nan mouri. Si Teknosev ta mouri, papa nou ta mouri ,pou pa kite san tap fe a mouri. Ok nou ta bezwen fe. Nou ta fe yon chen solidarite depi nan plante, pase pran animate.Pase pran konseye komesyal,jiskaske nou rive , nou ka rive nan izin. Nou ka jwenn ki asepte nou keyi mango a pou nou vann li mango a.*

#15 Cieus Enold; Gason; 61 ane; 4 timoun; Agan agrikilti; 1 ane Selil; Mwayen 2: *E nou pap kanp. Nou gentan pran dezisyon pou nou anvayi peyi a ak mango fransik. N'ap fe'l.*

Yon lot moun di : Nou gentan ame deja...

#15 Cieus Enold; Gason; 61ane; 4timoun; Agan agrikilti; 1ane Selil; Mwayen 2: *Konesans nou genyen an nou pap kitel domi.*

Yon moun di :m' renmen sa.

(Tout moun pran pale).....

Anben nou di mesi.

Poko avan nou ale gen yon sel fi laaa...oh yon sel fi!

(Tout moun ap pale ansanm yo ap riii,)

Apaw te la ou menm.

Non non non....wi gen 2 fi gen yon fi deyo a men ki la(yo ap ri ,,,,) li kete se sel mwen ki pale ,,,, poukisa,,, ? ki rol ou jwe nan pwodiksyon mango kom fanm?

Sekrete .

Sekrete ! nan Selil la Sekrete! men fi yo pa travay nan pwodiksyon nan mango...pa gen bagay nan pwodiksyon mango a ke se sel fi fe'l? Oswa tout moun fe'l?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Non gen bagay anplis. Sa vle di, petet yo paka prezante la chak moun gen rol yo.*

Non map pale de pwodiksyon mango .Nan pwodwi mango menm. Nan jaden an nan keyi,nan mango men?

Piblik: Fi yo lave mango. Siye mango ., lave siye mango

Eske gen bagay nan pwodiksyon mango, se sel fi ki fe'l....

Piblik: Non pa genyen., Nou poko wel sil ladann nou pa sonje sal ye...se yon travay mix li ye.

Se gason ki vann yo nan izin?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Gen fi ki tap vann, beb okontre, ane sa menm gen de fi ki ta prale yo kenbe yo. Vole kenbe yo, nan zone Mibale, yo men fe kadejak sou yo tout bagay...izin yo .*

Ebyen nou di tout mou mesi. Mesi bokou.

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde

Di mesi n pa mouri...

Sin pa mouri nap we byen to.....

(vwa moun kap pale bri).

Isaac : Anvan nou ale. Gen de moun ki ka pa konnen mwen. Mwen se responsab teren pou pwogram nan a pavre ... ok sa vle m'tap rantre sou le teren mwen vle rantre sou le teren. Zon bo isit la men kote nou ye, zon nan la tirivye se yon zon anteran pou mwen. Mwen ta renmen poze yon kesyon, kesyon mwen ta renmen poze se ke, lel considere tout aktivite Selil, tout sal pote nan kominate a.Lokalite kotel ye , men gen plisye Selil ki reprezante pa vre ?

(Tout moun reponn wi.)

Isaac : Le'n konside bon kalite mango, Eske prezans len konsidere bon travay Selil la. Kat sou tab, se transparan,fich, eske nou laa ?

(Tout moun reponn wii)

Isaac : Mwen ta renmen, Eske prezans Voltije yo nan lokalite yo. Eske lot izin yo diminye, oubyen li ogmante?

(Tout moun ap reponn : Koman eskeeee.....)

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *Presans Voltije li, li gen yon diminisyon pa rapo avek fomasyon moun nan Selil, ...*

Isaac: M' plede pale de Voltije .Bouke pale, de prezans Voltije la. Men ou sot di ke li diminye kanmen ?

Piblik ; Wi wi li diminye

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Se paske nan zonn nan pat ko gen Selil, se yon sel.....ki responsab....*

Isaac– Mwen konn istwa. Mwen konnenn tou gen de zon gen de moun , de kliyan, de achte de kliyan ki te open antre pou fe yon esperyans nan mango. Eske se vre oubyen ?

(Tout moun reponn wi).

Enben eske nou kapab di li diminye, si gen de novo moun ki antre pou achte mango la ? Eske li diminye vreman?

#3 St Jean Sainteles; Gason; 41 ane; 4 timoun; Bisnis; 2 ane Selil; 6eme Ane : *Wi an.*

Isaac: Selman Voltije . Selman moun nan Selil nou pat janm tande pale de lot moun ? Voltije ki konn vle vin achte mango nan Selil men pa gen sa?

Piblik : Wi.

OK, mesi anpil.

Isaac- Nou pa janm tande pale de lot kliyan ki bezwen achte mango nan men moun Selil yo?

(Wi tout moun ap reponn an mem tan).

#3 St Jean Sainteles ;Gason ;41 ane ;4 timoun;bisnis; 2 ane Selil 6eme Ane: *ane sa menm si selil yo te byen ba nou akadremen gen voltije bezwen ki ta vin vann nou mango.*

#7 Elouisse Sonel; Gason; 32 ane; Okenn; Kiltivate; 5 ane; Segonde : *wi ane sa nou pa konn kijan sa tap ye.....Telman yo te gentan komanse konveti.*

Piblik :riiiiii.....(.pale antre yo.)

#12 Lebrun Rosny; Gason; 53 ane; 4 timoun; Kiltivate; 2 ane Selil; Prime

Wi gen founise ki pote ban ou menm poun achte mango pou li ane sa si pat gen Voltije nou tap gen mango.....

Isaac :Ok mesi.

Tout moun di mesi.

FEN !

NOT YO

[1] Byen si

[2] Paske

[3] Dako

[4] Yon ti kras

[5] Ebyen

[6] Sa vle di : ti sousou , achte figi

[7] Sa vle di: li fouyew

[8] jaden

[9] deranje

[10] mize

[\[11\]](#) Yon kalite mango

[\[12\]](#) Ki we kle

[\[13\]](#) Anpil enpotans

[\[14\]](#) Depi

[\[15\]](#) Pi plis

[\[16\]](#) Vole

[\[17\]](#) Net ale